

Nimewo 21

## D E K R È E G Z E K I T I F

### **DEKLARASYON YON KATASTWÒF NAN ETA NEW YORK**

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te idantifye yon ka polyo paralitik nan dat 21 jiyè 2022, nan yon rezidan nan Konte Rockland ki pa te pran vaksen ki pa te gen vwayaj entènasyonal pandan peryòd enkibasyon pou polyo a;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te idantifye polyoviris ki te enfekte moun Konte Rockland yo la kòm yon ka polyoviris ki sòti nan yon vaksen, yo te idantifye ka nan New York an 1990;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te detekte polyoviris ki gen rapò jenetik nan echantyon dlo ize yo kolekte nan konte Orange, Rockland, ak Sullivan nan mwa avril, me, jen, jiyè ak out 2022;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te deklare polio elimine nan Etazini an 1979, sitou akòz gwo pousantaj vaksinasyon kont polyo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, to vaksinasyon woutin kont polio nan tout kategori laj te diminye pandan pandemi COVID-19 la epi retisans fas ak vaksen an ogmante;

**LÈ NOU KONSIDERE**, to vaksinasyon kont polio pami timoun 2 zan nan New York se 78.96%, epi li pi piti anpil pase sa nan plizyè konte ak kòd postal;

**LÈ NOU KONSIDERE**, depatman sante lokal yo ap reyaji aktivman fas ak epidemi polyorivis la atravè sipò ankèt, idantifikasiyon kontak ak siveyans, administrasyon vaksen pou kontak ki ekspoze ak popilasyon aktyèl ki gen gwo risk ki sible yo, epi edikasyon ak sansibilizasyon;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gouvènman Eta a dwe sipòte minisipalite, lokalite ak konte yo nan efò yo pou facilite ak administre vaksinasyon ak tès pou polyorivis la, ak pou anpeche viris la kontinye pwopaje;

**KOUNYE A, KIDONK**, Mwen, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, konstate avèk dokiman sa a, konfòmeman ak Seksyon 28 Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la, ke gen yon katastwòf ki te rive nan Eta New York, kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèvni kòmsadwa, epi mwen deklare avèk dokiman sa a yon ijans poutèt katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la nèt jiska 9 oktòb 2022; epi

**ANPLIS**, konfòmeman ak Seksyon 29 nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen mande egzekisyon Plan Global Eta a pou Jesyon Ijans (State Comprehensive Emergency Management Plan) epi m otorize tout ajans Eta ki nesesè yo pou yo pran mezi apwopriye pou ede gouvènman lokal yo ak moun yo nan limite ijans pou poutèt katastwòf nan eta sa a, prepare pou li, entèvni kont li epi refè anba li, pou pwoteje pwopriyete eta ak lokal, epi pou ofri lòt èd ki nesesè pou pwoteje sante, byennèt, ak sekirite piblik.

**ANPLIS DE SA**, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesesè pou fè fas a katastwòf la, oswa si sa nesesè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a antre an vigè a jis nan dat 9 oktòb 2022, lwa ki annapre yo:

- Soudivizyon 6 ak 7 seksyon 3001 Lwa sou Sante Piblik la, soudivizyon (o) ak (p) nan seksyon 800.3 ak seksyon 800.15 Tit 10 NYCRR la, nan mezi sa nesesè pou otorize teknisyen swen medikal ijans sètifye-anbilansye yo ak

founisè sèvis ijans medikal (EMS) avanse yo, k ap bay sèvis paramedikal nan kominate a avèk apwobasyon preyalab Depatman Sante (Department of Health, DOH) a, pou yo administre vaksen kont polyoviris la annakò ak yon òdonans ki presi pou moun ki pa pasyan, sa gen ladan nan anviwòman ak lokal ki pa ijans, sou kondisyon yon teknisyen medikal-anbilansye ak founisè sèvis ijans medikal avanse (EMS) dwe satisfè kondisyon Komisè Sante a etabli.

- Seksyon 6951 Lwa sou Edikasyon an, ak seksyon 79-5.5 Tit 8 NYCRR la, nan mezi dispozisyon sa yo limite pratik fanm saj a jesyon gwo sès nòmal yo, akouchman yo ak swen apre akouchman yo ansam ak swen sante repwodiktif prevantif jeneral pou fanm ki sanse an sante yo, ak evalyasyon tibebe ki fenk fêt, reyanimasyon ak referans pou tibebe yo, epi nan mezi sa limite pratik fanm saj yo a fanm saj ki pratike annakò ak relasyon kolaborativ yo genyen avèk doktè otorize yo oswa ak lopital yo, kidonk pou rezon ijans katastwòf sa a, fanm saj yo ka administre vaksinasyon kont polyoviris la pou nenpòt pasyan konfòmeman ak yon dekrè espesifik pou non pasyan anba sipèvizon medikal doktè lisansye, asistan doktè lisansye oswa pwofesyonèl enfimyè sètifye, sou kondisyon, sepan dan, yon fanm saj ki san yon sètifikasi Depatman Edikasyon Sante Eta a te emèt pou administre ajan vaksinasyon yo, dwe satisfè kondisyon Komisè Sante a etabli;
- Soudivizyon 2 nan seksyon 6801 Lwa sou Edikasyon an ak seksyon 63.9 Tit 8 NYCRR la, nan mezi sa nesesè pou pèmèt famasyen yo administre vaksinasyon kont polyoviris la konfòmeman ak yon òdonans ki espesifik pou moun ki pa pasyan;
- Soudivizyon 6 seksyon 6527 Lwa sou Edikasyon an, soudivizyon 4 seksyon 6909 Lwa sou Sante Piblik la ak seksyon 64.7 Tit 8 NYCRR la, nan mezi sa nesesè pou pèmèt famasyen yo ak enfimyè pratisyen sètifye yo pou yo soti yon rejim ki pa pou yon pasyan an patikilye pou enfimyè oswa tout lòt moun konsa lalwa oswa dekrè egzekitif sa a otorize pou yo administre vaksinasyon kont polyoviris la; epi
- Soudivizyon 3 seksyon 2168 nan Lwa sou Sante Piblik la ak seksyon 66-1.2 nan Tit 10 NYCRR la, nan mezi sa nesesè, ap sispann kondisyon ke founisè swen sante yo, tankou enfimyè otorize, fanmsaj, teknisyen swen medikal ijans sètifye-anbilansye yo ak founisè sèvis ijans medikal (EMS) avanse yo ak famasyen yo, ki administre vaksen kont polyoviris la bay moun ki gen 19 ane yo oswa pi gran gen obligasyon pou yo jwenn konsantman moun k ap resevwa vaksen an pou yo ka rapòte vaksinasyon sa bay Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York la (New York State Immunization Information System, NYSIIS) oswa Rejis Vaksinasyon pou Tout Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR), epi dispozisyon sa modifye tou nan mezi sa nesesè pou egzije pou yo rapòte tout vaksinasyon kont polyoviris la pou nenpòt moun (timoun oswa adilt) bay NYSIIS oswa CIR, sa ki aplikab la, nan 72 èdtan apre yo fin bay yon vaksen kont polyoviris la. Yo pa dwe entèprete anyen nan paragraf sa kòm yon otorizasyon pou bay okenn moun vaksen san yo pa bay konsantman yo, oswa san konsantman yon lòt moun ki gen otorite legal pou bay konsantman sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan  
Vil Albany nan nevyèm jou mwa septanm nan  
Vil Albany nan ane de mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a